

LEERALUG MULAYYINU SUDUUR



Xët yi

<i>Jàng benn, ñaar ak ñett</i>	<i>4</i>
<i>Jàng ñent ak juróom</i>	<i>6</i>
<i>Jàng 6, 7, 8 ak 9</i>	<i>10</i>
<i>Lii ab bunt la jëm ci xaaji Diine</i>	<i>10</i>
<i>Jàng 10, 11 ak 12</i>	<i>14</i>
<i>Lii mooy li aju ci martabay tuub :</i>	<i>14</i>
<i>Li ab dog la ci way-yen ya: yiy waral nit ki tuub</i>	<i>15</i>
<i>Lii ab dog la ci cër yi</i>	<i>16</i>
<i>Lii ab dog la ci làmmiñ</i>	<i>17</i>
<i>Jàng 13, 14, ak 15</i>	<i>17</i>
<i>Li ab dog la ci biir</i>	<i>18</i>
<i>Li ab dog la cig pey (sexe)</i>	<i>19</i>
<i>Jàng 16, 17, 18 ak 19</i>	<i>21</i>
<i>Li ab dog la ci ñaari loxo</i>	<i>21</i>
<i>Li ab dog la ci ñaari tànk</i>	<i>21</i>
<i>Li ab dog la ci bët (gët) yi</i>	<i>23</i>

Li ab dog la ci nop yi	24
<i>Jàng 20</i>	25
Li ab dog la ci tudd noonu nit ñi, seen i ngànaay ak seen i kaso	25
Lii mooy ñaareelu bunt (Téere bi) ci laabalug xol	27
<i>Jàng 21 ak 22</i>	29
Buntub ñetteel ci tudd xattaayu bàmmel ak laaju ñaari malaaka yi.....	29
<i>Jàng 23, 24 ak 25</i>	32
Lii ab dog la ci dekki	32
Lii ab dog la ci ponki siraat	33
Li ab dog la ci ñi nga xam ne deeful ràppal seen yaram ci bàmmel.....	33
Li ab dog la ci bunt àjjana yi, yal nanu ci Yàlla tàbbal.	35
Li ab dog la ci lim way-dëkkoo Lahraaf	36

Leeralug Mulayyinu Suduur



Jàng benn, ñaar ak ñett

Ginnaaw tudd turu Yàlla ak julli ci Yonent bi
Aleyhi Salaam, Sëriñ bi daa wax ni lii mooy
Mulayyinu Suduur (Aji Nooyal Dënn/ Xol yi) walla
Muzakirul Xubuur (Aji Fàttali Bàmmeel Yi).

Ci Uibiteeg Téere bi dafa sant Yàlla mi def Tasawuf muy xam-xamu ragal Yàlla, te mu teral ko. Te Sunu Boroom mu sell moomu mooy Boroom mbindéef yi, mooy Feyaakoon bi, mooy Boroom aras, te ku Ted la, moo feeñal mbindéef yi te moo leen fiy jëlle. Mooy Boroom mbugal gu tar ga. Te moo bind Nit ak Jinne ngir ñu jaamu ko ci anam gu sell.

Ginnaaw loolu mu daaldi ñaan Boroomam muy defal xéewal ak mucc Yonent bi Aleyhi Salaam li feeg ñi ragal Yàlla ñoo ngi farlu tey topp Yàlla mi nga xam ne moom lañuy soxlawoo ci fajug aajo. Te Yonent bi Aleyhi Salaam moomu moo wax ne: « àdduna kaso gu tar la ñeel jullit ñi ».

Ba mu waxee li la daaldi xamle ne li nit ki wara soxlawoo mooy xam-xam gu am njariñ ak Diiney

Yàlla mu Màgg ma (SWT). Mu ne nag képp koo xam ne fàtt nga yile ñaar ci àddunaam te muy soxlawoo ci alal waliif Buuraam (maanaam alal la jiital ci Boroomam), kooku ëllag mbugalug Yàlla, fayantoog Yàlla ci ludul benn sikk-sàkka moo ka fey xaar.

Jàng ñent ak juróom

Ginnaaw ñaan gu matale gi,

Sëriñ bi dafa daaldi jëmale wax ji ci laabire gu am solo jëm ci diggante nit ki ak àddunaam, ak it naka la nit wara doxee digganteem ak Sunna (wax ak jëfi Yonent bi Aleyhi Salaam ak lu Sahaabaam def mba mu wax ko mu ànd ci). Bu dee ci àdduna dafa dénk kiy boroom xel mu wacc àddunaam balaa dee di ko dikkal, te mu jublu allaaxira ndax dafay

ndigalu Yàlla, te loolu batay mooy top Sunna. Mu wax ni ku topp Sunna mucc, ku wuuteeg Sunna tooñ. Te lii kuñuy wax Jaganii saxal na ko ci Téereem bi ñuy wax: « *Wasiilati Sahaadati* » (Liy Yóbbée ci ag Texe).

Kon mootax mu ne: « na nga topp yoonu ñoñ njub, te wattandiku bidaa ». (Bidaa mooy luñ sos ci turu Diine te boo càmbaree li ci biir mu doon lu dëppoowul ak doxiinu Yonent bi ak i Sahaabaam).

Nee na itam yiw yépp mi ngi ci topp Sunna. Te ay yépp mi ngi ci topp Bidaa yi. Ginaaw lii lay doog di wax nag diggante nit ki ak àdduna. Dafa wax ne boroom xel bu ñaw mooy koo xam ne wacc na àdduna, te noot na bakkanam ci

bànnex yi. Àdduna nag daf key misaal ci ab màggeet bu suufe, boo xam ne ni mu bindoo dafa nēbbu ci ay mballaan yu gànjaru (précieux) yu mu sol. Bu ko dof bi gisee nag jàppee ko ab jongoma ngir taarug yere yi, daaldi sonn ci ay mbiram ngir sopp ko, tàmbalekoo labat nag. Waaye bu demee ba futti la mu sol daf key daaldi fekk muy ku réyug biir. Bēt bi pat, beejaaw yi di tàkk, muy ku xasawi tēflit mel ni mbala-mbaal (yu verte yiy sax ci kaw ndox bu taa), ñàkk ay yénn itam, yor bind bu doyadi, tàlli ay tooguwaay mel ne naago (golo).

Dof bi doon labat àdduna nag bu gisee lii day màtt ñaari yoxoom ngir mer, di yedd boppam. Waaye borom xel bi saa bu dajee ak àdduna daf

key gëstu (seet lum doon) ginnaaw gëstu gi, mu wacc ko.

Àdduna deef na ko misaal ci gentu aji nelaw ji ak njudox (mirage) bu nekk ci ronndoj bu dëggar. (Ci misaal bu naaj bi tangee man nga yaakaar ni li ngay séen ci tali bi ndox la). Àdduna dina la reetaanloo tay, èllag mu jooyloo la. Dina bégloo ay jamono, te dina ñaawal ba fàww. Kon na nga daw àdduna niki daw gaynde. Na ngay muslu ci ay gaafam kon di nga làkk njub ga. Àdduna li mu làmboo mooy gâce ak torox-tange. Àdduna dina alak borom bânneex. Kon texe ñeel na ki nga xam ne Boroomam dëdduloo na ko àdduna, te mu doon kuy sàkku la Boroomam gëram.

Jàng 6, 7, 8 ak 9

Lii ab bunt la jëm ci xaaji Diine

Diine ñaari wàll la ci ni ko Imam Xazali àttee. Daf ko ténk ci bàyyi tere ak jëfe ndigal. Bu dee bàyyi tere, ñépp manuñuko. Ñi ko man mooy way-dëggal yi, te ñoo dib tanneefi jaam yi. Bu dee jëfi yaram bi moom, ñépp a ko man. Ba tay dees na jàngee ci bunt bii li Yonent bi Aleyhi Salaam wax ne: « *aji gàddaay gi mooy ki nga xam ne gàddaay na lu bon waxtu wa nga xamee ne xew na ci suufam* ». Wax na it ne: « *aji jihaad mooy koo xam ne dafay jihaad ak bakanam ànd ak baaneex yi* ». Ci loolu kon la Sëriñ bi waxee ne: « *bàyyil yoonu way-sanku yi, te ñooy jalgati (Diine ji), te sóobul yoonu way-ñaw ñi, ñooy ñi jub* ».

Ginnaaw li nag, bind bi daa wéy ci soññee ci yar cër yi ak topp lu baax. Ndax dafa ni: ndax yaw da nga moy Yàlla ci cër yi ba ba ngay xuus ci gééjug mbonte yi (yi bon)? Te ñoom cër yi xéewal la gu bàyyikoo ci Yàlla ñëw ci yaw, dénkaaneb sunu Boroom la fa yaw. Kon bul dimbalikoo ci xéewalu Yàlla (cër yi) di ko ci moy. Loolu kat weddi njekk la.

Ba mu ci noppee la dikk ci baakaar yu mag yi, nu wara man a ténk kon li aju ci baakaar yu mag yi ak la koy def. Am na ci baakaar yoy benn cër képp a koy def. Am na ci yoy yaram wi yépp a koy def.

- Naw sa jëf, réy, kiñaan, ngistal, xol moo key def.

- Njaalo ak jëfi góor-jigéen, pey (sexe) moo key def.
- Sàcc ak ray, ñaari yoxo (loxo) moo key def (du càgginika yu dul ñoom).
- Naan sàngara, ngàññi Soxna yu feggu yi (sàmm seen bopp), lekk alalu jirim, ribaa, rambaaj, jëw, seede ay nar ànd ak giñ, yooyu yépp géemiñ moo key def.
- Dog ñaari way-jur, daw ci xare, yàq alalu julit, bàyyi julli, yaram bi yépp moo key def.

Ginnaaw bunt bu am solo bi, Sëriñ bi daa ubbi beneen wàll wu am solo jëm ci tuub. Tuub nag ci lu gaaw lu war la ngir réccu baakaar yu bon yi, fu fi nit ki moye Boroomam. Bum xaar rekk ba loru ci alal yi, ci ay ñoñam, cig dundam walla ci

yaram wi. Kiy tuub dafay tudd baakaar bi, ñaan Yàlla jéggal ko, dafay baril lumuy toroxlu ak a mooq (se rabaisser en toute humilité) ci anam gi mu jàppandee. Kiy tuub dafay fas ne du déllu moyyaat Boroomam li feeg mi ngi dund.



Jàng 10, 11 ak 12

Lii mooy li aju ci martabay tuub :

Te mooy tolluwaay yu wuute yi ci am.

1. Tuubug yéefar bi cig kéefaram gu tar gi ngir ndigalu Yàlla Subhaanahu wa Tahaala.
2. Tuubug aji sell ji ci baakaar yu mag yi.
3. Tuubug aji maandu bi ci baakaar yu ndaw yi.
4. Tuubug jaam bi nga xam ne daa am diine ci faqastalug Seytane.
5. Tuubug aji sóobu ji (dox jëm ci Boroomam) ci ràgg-ràggi xol bi ak gàkk-gàkk yi.
6. Tuubug aji sàmm ji (Diineem...) ci lënt yi.

7. Tuubug way-jàkkaarloo yi ñeel kumpa yi te mooy ñoñ ragal Yàlla ci càgganteeg xol bi.

Li ab dog la ci way-yen ya: yiy waral nit ki tuub

Imaam Yadaali miy sangug way-xam ji hikam nee na : yii dina waral tuub

- Ragal mbugal
- Ragal gàcce bisub hisaab ba
- Yaakaar ay may yu bari ëllag.
- Sant xéewalug Yàlla.
- Sopp Yàlla
- Màggal taxaway wa ci kanamu Yàlla.

Ginnaaw wax jii nag Sëriñ bi dafa daaldi joxe dénkaane yu am solo te mooy wax jii: « *Na nga jublu ag tuub, na nga sàkku ag njub njëkk*

buntam di téjju, yaw miy sàkku ag tuub. Na nga bàyyi yeexe mbir ànd ak taayel-taayel lu. Na nga nekk di mbuboowo Diiney Yàlla. Aji alku ji, key aji texeedi lool mooy ki nga xam ne génn na àdduna te fekk mu nuuru ci ay baakaar te tuubul tuub ju sell ».

Lii ab dog la ci cër yi

Sëriñ bi daa wax ne sàmm cër yi ak watu ko booleko ak saytu anamug càmm gi war na ndax képp ci nun deef na ko laaj na mu sàmmee woon cër yi, niki mu dikkee ci Addis. Wax na it cër yi èllag di neen séede. Cër yooyu ñooy : làmmiñ, biir, péy, loxo, tank, bët ak nop.

Lii ab dog la ci làmmiñ

Sëriñ bi nee : xamal ni làmmiñ moo dàq a mer ci sa cër yi kon dee ko wattu. Ginnaaw lii, mu wax ne sa Boroom jox na la ko ngir nga baril loo ciy jàng Alxuraan, baril looy tudd Yàlla ak ngir nga jëfandikoo ko di ci jubale ci yoonu Diinee. Kon na nga jaamu Yàlla.

Jàng 13, 14, ak 15

Ba tay dañu laa jox làmmiñ ngir nga nga feeñal ci say aajo ak ngir nga sant Yàlla. Na nga wattu sa làmmiñ ci juróom ñatt (8) :

- Fen
- Jëw
- Werante bu ànd ak biijo (polémiquer méchamment)

- Wuute ab dig (defoo li nga wax)
- Muulu nit ci ay wax (maudire quelqu'un)
- Sellal sa bopp (se déclarer soi-même pieux, saint...)
- Ñaanal kenn ci nit ñi musiba
- Mboorante (flatter).

Képp ku sax cig noppi, tey wattandiku ñaawtéef yi, dina am mbolleem la muy sàkku. Soloo neen ne Sayyidina Abu Baker daan na def xeer ci géemiñam ngir ragal wax ju bari.

Li ab dog la ci biir

Na nga wattu sa biir ci lépp lu haraam ak lu lënt. Na nga sax ci sàkku lu dagan kon da nga mucc ci tiis ya. Na nga wattandiku regg (lekk ba sa biir fees). Ndax dafay yàq mokkal (mémoire) ànd ak naqaril xel. Day wowal xol (sa xol man naa

dëggar ci teewlu walla def lu koy njariñ ci Yàlla). Dafay diisal cër yi. Saytane daf ciy dimbaliku ngir ay pexeem sotti ci nun (te mooy tere nu sant Yàlla). Nee na itam jombaxtal (somet) bépp ay ci sag dund gu dagan mooy regg (li haram nag?).

Sëriñ bi wattandikuloo nanu bokkale Yàlla ci bunt bi ak lekk ribaa. Nee na fàggu lu lew farata la (liggéey). Nee na xam-xam gu ànd jëf du njariñ li feeg yaa ngi dundee lu haraam. Ba tay wattandikuloo nanu lépp lu haram te mu wóor nu walla sax nu njort ko. Amaa lekk gi nag, ci dem-àll lay mujjee.

Li ab dog la cig pey (sexe)

Na nga wattu sag pey ba bul jaxasoo kudul jigéen gi la dagan. Jigéen ji la daganul bul

bànnexu ci moom ci ay waxam, walla ci laal gi, walla jonjante gi, walla déglu kàddoom walla xoolante gi. Bu dee lott nga ci sàmmonteeg lii, kon doo man a wattu sag pey. Na nga moytu jongoma yi ak njegemaar yi ndax ay fiiru saytane leen. Na nga sàkku jigéeni àjjana yi nga xam ne dañu leen a bind ñu mel ni ki làmp. Li fi nekk key mooy dañoo mel ni weer wu mat. Seen yaram mi ngi tukkee ci « zahfaraan, hanbar, misk ak kaafur » (yi ay xeet i gëtt la (parfum)). Te seen i ngëneel xameef na ko. Donte kenn ci ñoom tëfliwoon na ci suuf ci, dina mujj mel ni ki misk (musc) bob deef na ko sàkkoo am. Dina mujj it géej yi ak teen yi mel ni ki lem. Nii la dikkee ci xibaar yi.

Jàng 16, 17, 18 ak 19

Li ab dog la ci ñaari loxo

Na nga moytu dóor ab jullit ak sàcc ci sa ñaari loxo yaw miy aji xelu. Bul bind ci ñoom ñaar bépp ñaawtéef boo xam ne làmmiñ bañ na ku ko tudd. Bul ko jëfandiko ngir wor ci dénkaane li ngir kóolute gi. Walla nga ciy laal jàmbur bu jigéen. Yal na nga tuufu ci ngëneel ya.

Li ab dog la ci ñaari tànk

Bul dox ci sa ñaari tànk yi jëm ci lu haraam niki dox jëm ci ñaawtéef ànd ak ràmbaaj walla dox jëm ci buur (wuur) yiy boroomug weddi ci ludul lor ak fitna bu mu man ci doon ak lum man ci doon. Ngir naka loolu ag toraxlu la bu wér ñeel leen, te ag teranga la ñeel leen. Te lii lu bon la !

Te sunu Boroom digale na nu dëddu leen. Na nga nekk kuy topp ndigal. Saa boo doxee jëm ci ñoom ngir seen i alal, kon nga dox jëm ci lu haraam. Na nga bàyyi seen i mbir. Sunub Yonent Aleyhi Salaam nee na: « toroxlu jëm ci aji wommal, dafay yóbb 2/3 diiney nit ki ». Kon na ngeen ko wattandiku! Te jubloom ci wax jii mooy boroomug wommal buy aji baax, déet ab tooñkat, ndax bonug loolu, lu leer la.

Bul dox ci sa ñaari tànk yi ndare da ngaa jëm ci loo xam ne deef na ko gëram, te deef na ko tànn fa sunu Boroom niki dox jëm ci yewenal diggante ñaar (ñu meroo), walla dox jëm ci Jàkka ja walla dem di fay bor. Jàppal ni ndeem feggalo sa ñaari tànk yi walif bannex yi, kon

deef na la gàcceel ci ñaari kër yi (àdduna ak allaaxira).

Li ab dog la ci bët (gët) yi

Bët nag, na nga ko wattu walif xool lépp loo xam ne Yàlla haraamal na ko. Ni ki xool jëm ci awra walla xool jullit ci xoolug xeebeel walla reetaan. Bul xool jëm ci mello wu xoromu walla ayibi jullit yu bon. Bindéef na sa bët yii ngir nga ciy gidinku ci lëndam yi ak ngir nga ciy dimbalikoo ci aajo yi ak nga di ci settantal kéemtaan yi lu mel ni suuf si ak asamaan yi. Kon na nga waaru ci la nga xam ne làq na ko ci gën jaa yéeme ci kéemtaan yi niki jant gi, weer wi ak gañcax gi.

Yonent bi Aleyhi Salaam tere na xool kayitu jàmbur ci ludul nga am ci ndigalam. Te lu haraam la, ak xool alalu jàmbur ci xoolug sibeel.

Dina la doy nag, ab jaaju, ci waxi sa Boroom ci suuratu « Najmi » (xulil muuuminiina...). Kon na nga wattu sag gis.

Li ab dog la ci nop yi

Na nga wattu sa nop ci xerawlu lépp loo xam ne daa jëm ci bidaa walla ci ñaawtéef niki xuus cig neen, walla jëw ànd ak tudd ñaawtéefi nit ñi. Lii lépp lu ñu tere la. Bindéef na sa ñaari nop yi ngir nga ciy déglu waxi Yàlla, ak sunna, ak xibaar yi ak hikmay Sëriñ si ak seen i jeexital. Ndeem yaw xerawlu nga jëm ci lu ñaaw, dina mujj sag xéewal di sa alkande. Te bul njort ne naka baakaaru jëw, lu ñu jagleel aji wax ji rekk la. Ndax dikk na ci àddisi Yonent bi Aleyhi Salaam mu ni « *naka ki nga xam ne xalset naa déglu jëw, aji bokkaale la ci wax ji ci li nga xam ne dana ko dégg* ».

Ëppatalaw ! Ndeem boyal nga say nop cig neen
jëm ci bàñneex yi xalset ngaa réccu ëllag.

Jàng 20

Li ab dog la ci tudd noonu nit ñi, seen i
ngànnaay ak seen i kaso

Na nga jihaadanteeg ñenti noon ndeem nam
nga dëgg-dëgg jihaad, te na nga farlu ci loolu. Te
giiñ naa ci sama dund ni mooy jihaad bi gën a
màgg niki nu jëlle xibaar boobu ci boroom xam-
xam yi. Noon yooyu ñooy bakkan, àdduna,
saytane, bàñneex. Ku ne ci ñii, noon bu bér la. Na
nga téj képp ci ñoom ci ab kaso mu dib jéeñ, muy
aji damm ngànnaayam ba ba ngay mucc.

- Bakkan dee ko téj ci xiif bu gudd ak ci
yeneen yi nga xam ne ténk la ci moom
(jaamu Yàlla yu diis yi...). Ngànnaayam

mooy regg, na nga jihaadanteeg sa bakkan kon da nga jub.

- Jéenjug àdduna gu suufe gi mooy wéet, kon na nga wéetu ndax nga njariñu. Ngàннаayam mooy jaxasoo ak mbindéef yi ci biijo ak ci werante.
- Saytane nag, waat naa ko ci sama dund ni gànnaayam mooy sàggan ci jaamu Yàlla. Kon na nga farlu. Kasoom nag, te mooy bi gën a diis, mooy tudd Yàlla ci lu nèbbu ak ci lu feeñ.
- Bàñneex kasoom mooy barig noppi. Ngàннаayam mooy: yóbbe nit ci barig wax cig neen.

Lii mooy ñaarelu bunt (Téere bi) ci laabalug xol

Xol daal daa mel ni buur ci cër yi, fu mu jublu rekk cër yi jublu fa. Ndeem nam ngaa yéwénal (baaxal) cër yi léppam, kon na nga xalam a (méditer) yéwénal xol bi léppam. Waaye nag yoonam wa lu gudd la lool, te dox wa lu diis la. Aji taayel ji ak caaxaan-kat bi duñu àttan mukki yoon wi. Amul moroom, bile yoon !

Na nga laabal xol bi ci mbolleem caay-caay yi niki naw sa jëf, kiñaan, ngistal, nay, réy, mer ci lu ko jarul, soxor ak bokkaale. Yile mbir mooy caay-caayu xol bi. Yal na la Yàlla saafaral jàngoro yi. {Te na nga roy boroom ngëneel yi}.

Ndaal ngistal nag, mooy bokkaale bi gën a ndaw, dikk na ci lii waxi Yonent bi Aleyhi Salaam. Aj, julli, zakat duñu njariñ bu ci ngistal àndee.

Bul jublu kudul Yàlla miy boroom xéewal yi ci bépp jëf ànd ak bépp wax. Ndax sunu Boroom moo gën a jege mbindéefam yi ci seen buumi xol. Te lii ab àddis la bu nu miin !



Jàng 21 ak 22

Buntub ñetteel ci tudd xattaayu bàmmel ak laaju ñaari malaaka yi

La nga xam ne waxeef na ko ci laaju ñaari way-laaj ya, waxal dëgg la ci lu dul ben nar. Seen i tur ñoom ñaar mooy Munkir ak Nakiir. Seen i mbir yey na cig xalaat. Ñaari jëm leen yuy title, ñaari way-laaj leen ngir nattu. Yal na nga tuufu cig ngëm.

Na nga fàttaliku ab toogukaay bu xat ca foofe yaw dong, cig xur buy boroomug lëndam di la wër ginnaaw déllug way-suul ya ñoom ñépp, ngay dégg ci say nop seen fëggug ndëgg ya (dàll ya). Da nga sàkkoo jóg waaye doo am kàttan ci taxaw te doo man a muñ la nga xam ne da nga ko dégg ci ay tiis ak ngëlam la, ngir xuppe gi ak

njàqare yi. Ndax seenub ngëlamal (ñoom malaaka yi) moo gën a diis ci bépp ngëlamal, te seen i mbir moo gën a tar ci bépp mbir. Ñeel na leen ab bët bu mel ni jant walla bu mel ni përam. Ñeel na leen ñoom ñaar ab kàddu bu mel ne dënn (tonnerre) buy aji fëq (référéncé au bruit du tonnerre). Bët bi nag, ci ñoom ñaar mel ni ki melxat (éclair), buy aji fàq. Way-xotti suuf si leen, bumu ci xotti yi ci ay bëñ yu diji. Way-dikke leen aji faatu ji ci wàllub boppam, ñu toogal ko ci diggi bàmmee lam ba mu mujj di ku toog, muy aji yemoo, te mu gontu yaramam way aji takk ñeel ruuham ga.

Ñu laaj ko ci Boroomam, miy aji feeñ ak ci sunub Yonent Aleyhi Salaam. Ndeem nekk na ab yefar walla ab naaféq day mujj di deŋ-deŋal mel ni

mbaam bu duuf. Te muy wax : « *man xamuma* »
ngir tiitam ga ak xatub bàmmeeel ba. Topp nu
wax ko ci anamug yeddeel : « *yaw xamoo, te
jàngoo* ».

Nekk na ci képp ci ñoom ñaar mbolde bu tukkee
ci weñ bu diis, ñu ko ciy dóor ngir dog yaramam,
ba mu mujj di yàbbi la nga xam ne nàmpoon na
ko (ci weenu ndeyam). Ñu ubbil ko ab bunt ci
safara ngir mu xool jàkk sawara ya.

Yéggal ni lii mooy mbiru yefar yi, soloo na ko
(wax ji) ay Sëriñ ci lu amul benn weddi.

Ndaal li nga xam ne nekk na ci mbiri way-gëm ñi,
néttali neen, te mooy ni ñuy dëggarloo, tey ñi
xam Yàlla, tey way-kawe yi ne : ndeem nekk na
ci waa àjjana day wax ci baat bu leer : « *Yàlla*

màgg na ». Topp nu wax ko : « *béggal, dund nga, te fàttu nga di aji gëm, làq nga jub ga* ». Ñu yaatalal ko bàmmee lam fa dayyo gisam, mu leer ba mel ne leerug weer wi. Topp nu wax ko: “*tëddal, te nga nelaw niki nelawu séet ngir ne am nga teranga*”. Ñu ubbil ko ca boobe ab bunt ñeel ruuham ga ngir mu yéeg ca àjjana ya.

Jàng 23, 24 ak 25

Lii ab dog la ci dekki

Xamal ne mbindéef yi deef na leen dekkal waxtu suba, topp nu pang leen. Taxawaay wa ma nga ca waxtu tisbaar, nat jëf yi (la pesée) ci tàkkusaan. Naawug téerey jëf yi mi ngi xew timis. Amaa romb gi nag ci siraat ma ngay am ci waxtu gee ci waxi boroom xam-xam yi. Na nga jàpp li nga xam ne néttali neen ko.

Lii ab dog la ci ponki siraat

Ñeel na siraat 7i ponk. Na ngeen ko xalam, te deef na toogal nit ki ci ponk bu ne, laaj ko la ko Boroomam diggal (naka la ci doxe woon). Ndeem tontu na, ñu tàbbal ko àjjana. Bu tontuwul ñu rottal ko ci sawara ya. Yii mooy juróom ñaari ponk yi : Ngëm, Julli, Zakaat, Kooru Ramadaan, Àj ak Umra, Sangu farata ak Jàpp, Topp way-jur ak jokk mbokk.

Li ab dog la ci ñi nga xam ne deeful ràppal seen yaram ci bàmmel

Fukk (10) ci nit ñi, duñu ràppal seen yaram : Yonent yi, boroom xam-xam yi, ñi faatu ci xare yi, noddkat yi, ñi mokkal Alxuraan, ñi xare te faatuwuñu ci (walla ñu am darajay ku xare),

Imaam bu mandu, soxna su faatu fa njur ma,
jullit bu ñu ray cig tooñ ak faatu àjjuma.

Li ab dog la ci bunt sawara yi. Yal nanu ci Yàlla musal. Xamal ni sawar ñeel na ko 7i bunt : Haawiya, Jahiim, Saqar, Lazaa, Hutama, Sahiir, Jahanama. Na nga tuub yaw aji gëstu ji. Sawara wi nuy wax Haawiya, waajaleef na ko naafiq. Jahiim ñeel na way-bookaalekat yi. Saqar ñeel na way-jaamu malaaka yi. Sawaraw Lazaa deel Eef na ko saytane ak i soldaaram. Yal nanu ci Yàlla musal. Hutama waajaleef na ko yahuud yi, Sahiir waajaleef na ko Nasaaraa yi. Ndaal Jahanama nag, ñeel wat-Loulay yi ci nit ñi. Yal nanu ci Yàlla musal.

Li ab dog la ci bunt àjjana yi, yal nanu ci Yàlla tàbbal

Àjjana 8i bunt la ci ludul benn sikk sàkka

- Daaru Salaam: mooy bi ci gën a mag, ñeel na Yonent yi ak Mursal yi ci ludul benn werante. Ñeel na itam way-faatu yi ci xare, ak way-baax ñi, nii la ko néttalee lenn ci way-xam ñi.
- Daarul Jalaal : dina fa dugg aji matal ay julleem ci ludul luy beesal njàpp ma.
- Janatul Ma'waa : ñeel na ñiy tudd Yàlla.
- Janatul Xuldi : ñeel na aji digle yiiw ak di tere lañu pakk ak tere lor.
- Janatu Nahiim : ñeel na aji tere bakanam bànnex ya.

- Janatul Firdawsi : ñeel na niy aji Màkka ak di Humra, te ñooy way-sóobu yi ci yoon wu jub wa.
- Janatu Hadnin : deeleef na ko way-jihaad ñi.
- Daarul Qaraar : ñeel na aji dam gisam ci lu haraam, te du wuute ab dig, te dina def lu baax kéem topp ñaari way-jur ak wuñi ag lor (génne kenn ci lor).

Li ab dog la ci lim way-dëkkoo Lahraaf

Ñooy ñii : yéefar bu tabe lool, boroom xam-xam bu nay ci xam-xamam, nit ku ragal Yàlla te refetalul diganteem ak ay way-juram, jigéen juy jéfe li ko Yàlla digal te toppul waxi boroom këram, ab jaam buy jaamu Yàlla te yëramul

sangam, doomi njaalo, jullit boo xam ni
lãmmiñam daa ñaaw, koo xam ne wooteb
Yonent bi Aleyhi Salaam agsiwul ci moom,
yéefar bu faatu ci anamug njureel gi.

Fii la jeexe nosub as-jaam bi, key aji yaakaar ci
Boroomam njéegal ak tiji lañu tej (ag ubeeku) ci
refetug ndimbalu Boroom Màgg Gi, mu dib 268
bayit ci atum 1294H (1876).

Ginnaaw julli ci Yonent bi Aleyhi Salaam la
daaldi sant Boroomam ci matalug Mulayyinu
Sudaar.

Daara Touba-Reims, 22 octobre 2023.